

Nouvèl sou Sante pou Patisipan nou yo



Yon Lyen ant Patisipan
an ak Plan Sante Prestige
Health Choice la



Èske ou pare pou pi bon sante an 2018?

Ke ou gen 16 oswa 60 an, ou kapab genyen rekompans. Annik fè yon egzamen oswa depistaj pou prevansyon nou ofri nan kad pwogram Konpòtman Sen (Healthy Behaviors) nou an. Lè ou fè sa, ou gen dwa kapab resevwa yon kat kado ki vo ant \$10 ak \$50.

Ou kapab sèvi avèk kat kado yo nan Walmart, Publix, oswa Subway. Chak manm fanmi ki enskri nan Prestige Health Choice kapab genyen jiska \$50 kat kado chak ane.

Sèvi avèk kat kado yo fasil. Lè ou fin fè yon egzamen oswa depistaj pou prevansyon pwogram Healthy Behaviors la, mande founisè swen sante w lan pou li ede ou ranpli Fòmilè Achèvman Konpòtman Sen (Healthy Behaviors Completion Form) ou a.

Apre sa fè yo fakse li bay Prestige Health Choice nan **1-855-236-9281** oswa poste li ba nou nan:

Prestige Health Choice
P.O. Box 7181
London, KY 40742

Li poko twò ta pou w patisipe nan pwogram Konpòtman Sen (Healthy Behaviors) 2017 la. Kòmanse genyen kat kado kounye a!

Pou jwenn plis enfòmasyon sou pwogram Healthy Behaviors la, vizite nou anliy nan [www.prestigehealthchoice.com/member](http://prestigehealthchoice.com/member) oswa rele Sèvis pou Patisipan yo nan **1-855-355-9800** (TTY/TTD **1-855-358-5856**), 24 sou 24, sèt jou sou sèt.



Health Plan Accredited by



2017 NIMEWO 4

Atik ki nan edisyon sa a

- ▶ Aplikasyon mobil Prestige Health Choice la disponib an kreyòl ayisyen kounye a
- ▶ Èske ou pare pou pi bon sante an 2018?
- ▶ Jere sante ou avèk pòtay pou patisipan an
- ▶ Kijan avantaj famasi ou yo mache
- ▶ OPTUM® se nouvo founisè swen sante konpòtman nou an
- ▶ Kisa ekip Jesyon Itilizasyon an fè pou patisipan nou yo?
- ▶ Kòm patisipan nan Prestige Health Choice, ou gen anpil dwa ak responsabilite
- ▶ Prestige Health Choice ofri pwogram Jesyon Maladi ak Jesyon Swen Konplèks
- ▶ Èske yo teste ptit ou a pou anpwazònman pa plon?
- ▶ Sezon lagrip la avèk ou
- ▶ Swen bonè pou gryien dan ki an sante
- ▶ Planifye mamogram ànyèl ou a jodi a
- ▶ Klase founisè w lan epi pale de eksperyans ou
- ▶ Jwenn avantaj ki pa Medicaid
- ▶ Èske ou bezwen enfòmasyon nan lòt lang?

Prestige
HEALTH CHOICE®
Leading the Way to Quality Care



Jere sante ou avèk pòtay pou patisipan an

Pòtay pou patisipan nan Prestige Health Choice la se yon sit wèb sekirize ki ede ou jere swen ou yo. Sèvi avèk pòtay pou patisipan an se yon bagay rapid ak fasil. Li kite ou wè dènye antedesdan medikal ou yo, aprann sou danje ki genyen pou sante ou, ak plis bagay toujou.

Si ou poko janm sèvi avèk pòtay pou patisipan an epi ou ta renmen enskri, al sou www.prestigehealthchoice.com. Klike sou opsyon Patisipan yo (Members), epi sou Konekte sou pòtay pou patisipan an (Sign in to the member portal). Apre sa klike sou Enskri

(Register) pou kòmanse. Lè ou konekte sou pòtay pou patisipan an, ou kapab:

- Rete ajou sou antedesdan sante ou.
- Jere medikaman ou yo.
- Chwazi doktè swen primè ou (PCP).
- Kòmande yon nouvo kat idantite patisipan.
- Wè yon apèsi sante ou.
- Vin yon ekspè sou pwòp sante pa ou.

Ou bezwen èd? Si ou gen kesyon sou pòtay pou patisipan an, rele Sèvis pou Patisipan yo nan **1-855-355-9800 (TTY 1-855-358-5856)**.

Kijan avantaj famasi ou yo mache

Sèvi avèk avantaj famasi Prestige Health Choice ou yo se yon bagay ki fasil. Founisè swen sante w lan ap ekri yon òdonans pou medikaman ou bezwen yo. Founisè swen sante yo gen dwa rekòmande medikaman ki sou lis medikaman nou an (PDL). PDL la disponib nan www.prestigehealthchoice.com.

Rezime Rapò sou Chanjman yo (Changes Summary Report) gen ladan dènye chanjman ki fèt nan PDL la. Ou kapab jwenn Rezime Rapò sou Chanjman yo nan ahca.myflorida.com/medicaid/Prescribed_Drug/pharm_thera/fmpdl.shtml.

Ou p ap peye anyen pou medikaman sou òdonans ki kouvrir yo. Montre kat idantite patisipan w lan lè w al chèche medikaman ki sou òdonans ou a. Si ou gen kesyon oswa si ou bezwen èd, rele Sèvis pou Patisipan nan Famasi yo nan **1-855-371-3963**.

Otorizasyon preyalab (apwobasyon alavans)

Founisè swen sante w lan gen dwa bezwen apwobasyon pou sèten medikaman. Sa gen ladan medikaman ki pa sou PDL la oswa ki egzije otorizasyon preyalab. Founisè swen sante w lan ap gen pou voye ba nou yon fòmilè demann otorizasyon preyalab. N ap egzamine li epi fè ou ak founisè swen sante w lan konnen ki desizyon nou pran.

Si Prestige Health Choice pa apwouwe medikaman an, w ap resevwa yon lèt k ap di ou poukisa. Lèt la ap di ou kijan pou w soumèt yon apèl si ou vle fè sa.



OPTUM se nouvo founisè swen sante konpòtman nou an

Sante emosyonèl ou gen menm enpòtans ak sante fizik ou.

Se poutèt sa n ap mete ou okouran chanjman sa a. Apati 1ye janvye 2018, se Optum ki pral jere sèvis swen sante konpòtman ou yo.

Nou vle fè sa fasil pou w okipe sante emosyonèl ou. Avèk Optum, w ap kapab jwenn sèvis telesante. Sèvis telesante yo se vizit vityèl kot yon founisè swen sante konpòtman san ou pa bezwen ale nan klinik yon founisè.

Optum ofri tou aplikasyon pou telefòn entelijan ak zouti anliy pou ede ou nan swen ou yo.

Ou ta sipoze déjà resevwa yon lèt sou chanjman sa a ak sa li vle di pou ou. Si ou gen kesyon oswa si ou bezwen èd jwenn yon founisè swen sante konpòtman Optum, tanpri rele Sèvis pou Patisipan yo nan **1-855-355-9800 (TTY/TDD 1-855-358-5856)**, 24 sou 24, sèt jou sou sèt.



Kisa ekip Jesyon Itilizasyon an fè pou patisipan nou yo?

Ekip Jesyon Itilizasyon Prestige Health Choice la konsantre sou swen ou. Ekip la gen ladan enfimyè, Direktè Medikal, ak famasyen. Yo egzamine demann founisè swen sante nou yo fè pou otorizasyon sèvis. Yo egzamine demann yo pou wè si sèvis yo apwopriye oswa nesesè nan pwendvi medikal. Sa vle di yon sèvis nesesè pou konnen sa k ap bay pwoblèm nan, soulaje doulè, oswa anpeche ou vin malad.

Yo fè egzamen nesesite medikal la gras a:

- Direktiv medikal ki aksepte nan tout peyi a.
- Enfòmasyon medikal. Sa gen ladan avantaj Medicaid ou yo ak enfòmasyon klinik dapwi nan men founisè swen sante w lan.

Prestige Health Choice pa rekonpanse founisè swen sante yo poutèt yo refize, limite, oswa retade avantaj oswa sèvis swen sante. Nou pa bay pèsonèl nou an rekonpans nonplis poutèt yo pran desizyon sou sèvis ki nesesè nan pwendvi medikal oswa sou avantaj ki bay plis oswa mwens kouvèti swen sante ak sèvis.

Si ou gen kesyon sou sante ou, fè nou konn sa. Ou kapab rele Liy Telefonik Enfimyè a lè ou pa kapab jwenn founisè swen sante w lan. Liy Telefonik Enfimyè a disponib nan **1-855-398-5615**, 24 sou 24, sèt jou sou sèt.

Kòm patisipan nan Prestige Health Choice, ou gen anpil dwa ak responsabilite



Nan Prestige Health Choice nou pran angajman trete patisipan nou yo avèk respè ak diyite. Prestige Health Choice ak rezo founisè swen sante li an pa fe diskriminasyon kont patisipan baze sou ni ras, ni sèks, ni reliyon, ni orijin nasyonal, ni andikap, ni laj, ni oryantasyon seksyèl, ni ankenn lòt baz lalwa entèdi.

Pou lis konplè dwa ak responsabilite patisipan yo, tanpri al sou www.prestigehealthchoice.com. Enfòmasyon sa yo disponib tou nan mènyèl pou patisipan w lan.

Si ou pa kapab jwenn entènèt ni mènyèl pou patisipan an, tanpri rele Sèvis pou Patisipan yo nan **1-855-355-9800** (TTY **1-855-358-5856**).

Prestige Health Choice ofri pwogram Jesyon Maladi ak Jesyon Swen Konplèks



Prestige Health Choice ofri de pwogram espesyal pou ede ou rete an sante: Jesyon Maladi (Disease Management) ak Jesyon Swen Konplèks (Complex Care Management). Ou pa bezwen referans pou ankenn nan pwogram sa yo.

Jesyon Maladi: Kòm patisipan nan Prestige Health Choice, ou otomatikman enskri nan pwogram Jesyon Maladi nou an si ou gen youn nan pwoblèm sante sa yo:

- Opresyon.
- Maladi kwonik poumon bloke.
- Dyabèt.
- Maladi kè.

Nan kad pwogram sa a, w ap resevwa enfòmasyon pa kourye. Ou kapab mande yon Jesyonè Swen pou ede ou jere bezwen swen sante ou yo.

Jesyon Swen Konplèks: Si ou gen yon pwoblèm sante grav oswa plizyè pwoblèm medikal, nou gen dwa enskri ou nan pwogram Jesyon Swen Konplèks nou an. Pwogram sa a ofri ou plis swen pou pi byen jere bezwen espesifik ou yo.

Pwogram nou yo ede ou aprann sou pwoblèm sante w lan. Yon Jesyonè Swen disponib pou ede ou jere swen ou yo. Nou kapab voye enfòmasyon ba ou tou sou bezwen sante espesifik ou yo.

Si ou gen kesyon sou pwogram jesyon swen sante nou yo, fè nou konn sa. Rele Sèvis pou Patisipan yo nan **1-855-355-9800** (TTY **1-855-358-5856**), 24 sou 24, sèt jou sou sèt. Ou kapab pale tou avèk PCP w lan, espesyalis ou a, oswa founisè swen sante w lan de sa ou bezwen.

Si ou ta renmen travay avèk yon Jesyonè Swen

Rele Ekip Entèvansyon Rapid ak Sansibilizasyon an (Rapid Response and Outreach Team) nan **1-855-371-8072**, ant 8 a.m. ak 6:30 p.m., depi nan lendi rive nan vandredi, pou enskri tèt ou nan yon pwogram.

Ou kapab rele Sèvis pou Patisipan yo tou nan **1-855-355-9800**, 24 sou 24, sèt jou sou sèt.

Kòm yon patisipan nan Prestige Health Choice, ou gen dwa pou w di ou pa vle patisipe nan pwogram sa yo. Ou kapab rele nou pou fè nou konn sa. Sa p ap chanje avantaj ou yo ni jan Prestige Health Choice trete ou.




Èske yo teste pitit ou a pou anpwazònman pa plon?

Li enpòtan pou w fè yo teste timoun
ptiti w lan pou anpwazònman pa plon
anvan laj 2 zan. Menm si pitit ou a
parèt an sante, li gen dwa gen nivo
danjre plon nan san li.

Kijan pitit mwen an fè gen anpwazònman pa plon?

Anpwazònman pa plon gen dwa rive
lè li vale oswa respire mòso plon oswa
pousyè plon. Ou pa kapab ni santi, ni
pran gou, ni wè plon men li gen dwa
antoure ou. Ou kapab jwenn plon nan
pentti, dlo, jwèt, pousyè, ak atè a bò¹
lakay ou. Pale avèk PCP pitit ou a sou
siy ak danje anpwazònman pa plon.



Sezon Lagrip la avèk ou

Pran vaksen lagrip ou se gen dwa pa ki pi enpòtan ou kapab pran ane sa
a pou lite kont lagrip. Ou kapab pran vaksen lagrip la nan pifò famasi rezo
Prestige Health Choice la. Pou jwenn yon famasi ki nan rezo a, tanpri sèvi
avèk ànyè founisè anliy nou an nan www.prestigehealthchoice.com.

Ou p ap peye anyen pou w pran vaksen lagrip la.

Èske ou konnen Prestige Health Choice peye pou vaksen grammoun tou?

Si ou an danje, Prestige Health Choice vle pou w vaksinen. Si ou gen
omwen laj 21 nan, tanpri pale avèk PCP ou pou konnen si li rekòmande
pou w pran vaksen zona oswa nemoni pou grammoun. Prestige Health
Choice ofri vaksen sa yo gratis pou patisipan yo lè yo pran yo kay yon
founisè ki nan rezo a.

Rele PCP w lan pou pran yon randevou. Si ou bezwen èd oswa si w gen
kesyon, rele Sèvis pou Patisipan yo nan **1-855-355-9800**.



Swen bonè pou griyen dan ki an sante

Li enpòtan pou w okipe dan ptit ou yo depi nan moman dan yo kòmanse pouse. Men kèk konsèy rapid pou sante dantè ptit ou a:

- Wè yon dantis pou timoun lè premye dan ptit ou a parèt. Sa dwe fèt anvan ptit ou a gen ennan.
- Dan tibebe enpòtan. Yo ede timoun yo pale klèman epi mastike natirèlman. Dan tibebe yo fòme yon chimen dan granmoun yo kapab swiv lè yo pare pou yo sòti.
- Ptit ou a dwe al kay dantis chak si mwa. Dantis ou a gen dwa vle wè ptit ou a pi souvan.
- Sèvi avèk yon bwòs dan mou ak pat dan ki gen flyiyorid ladan. Ede ptit ou a bwose dan li de fwa pa jou pandan de minit chak fwa. Ptit ou a dwe pase fil dantè tou yon fwa pa jou.
- Mete pwoteksyon pou dan si ptit ou a jwe nan aktivite espòtif.

Èske ou bezwen èd pou jwenn yon dantis? Al sou www.prestigehealthchoice.com pou jwenn yon dantis ki nan rezo w lan. Ou kapab rele tou 1-855-371-3962 oswa rele Sèvis pou Patisipan yo nan 1-855-355-9800.



Planifye mamogram ànyèl ou a jodi a

Mamogram ànyèl kapab detekte kansè bonè. Sa vle di tretman an kapab kòmanse pi bonè anvan maladi a simaye. Si ou se yon patisipan Prestige Health Choice ki gen laj ant 50 ak 74 an, ou kapab genyen yon kat kado \$10 nan kad pwogram Healthy Behaviors la senpleman poutèt ou fè mamogram ou. Rele PCP ou oswa doktè maladi fanm ou jodi a. Ou pa bezwen otorizasyon preyalab.

Nou ofri patisipan yo depistaj pa mamogram gratis.

Si ou bezwen èd pou planifye mamogram ou an, rele Ekip Entèvansyon Rapid ak Sansibilizasyon an nan **1-855-371-8072** (TDD/TTY 1-855-358-5856), 24 sou 24, sèt jou sou sèt.

Deteksyon bonè kapab fè yon diferans!



Klase founisè w lan epi pale de eksperyans ou

Èske ou konnen ou kapab klase founisè swen sante w lan? Al sou www.prestigehealthchoice.com epi klike sou Jwenn yon Doktè, yon Medikaman, oswa yon Famasi (Find a Doctor, Drug, or Pharmacy). Chèche pwofil founisè w lan nan ànyè a epi klike sou bouton Ekri Kritik (Write Reviews) la. Y ap mande ou konekte sou pòtay pou patisipan Prestige Health Choice la. Lè ou fin konekte, ou kapab klase founisè w lan epi kite yon kòmantè. Klasman mwayen founisè a ap parèt nan pwofil li.



Èske ou bezwen enfòmasyon nan lòt lang?

Nan Prestige Health Choice nou pran angajman sèvi tout patisipan nou yo. Si ou bezwen enfòmasyon medikal oswa enfòmasyon sou sèvis ak avantaj nou yo nan yon lang ki pa angle, tanpri rele Sèvis pou Patisipan yo nan

1-855-355-9800 (TTY 1-855-358-5856). Nou kapab ede ou. Nou gen entèprèt pou tout lang ou gen dwa bezwen yo. Nou kapab voye enfòmasyon ekri pou ou tou nan lòt lang. Ou kapab rele epi mande enfòmasyon nan lang ou li a.

This information is available for free in other languages. Please contact our customer service number at **1-855-355-9800** or TTY/TDD **1-855-358-5856**, 24 hours a day, 7 days a week.

Esta información está disponible en otros idiomas de forma gratuita. Comuníquese con nuestro número de servicio al cliente al **1-855-355-9800** o TTY/TDD **1-855-358-5856**, las 24 horas del día, los 7 días de la semana.

Enfòmasyon sa a disponib gratis nan lòt lang. Tanpri rele sèvis kliyan nou annan nimewo **1-855-355-9800** oswa **1-855-358-5856** pou moun ki pa tandem byen, 24 sou 24, 7 sou 7.

Prestige dakò ak lwa federal sou dwa sivil yo epi li pa fè diskriminasyon sou baz ras, koulè, peyi kote w soti, laj, andikap oswa séks ou.

PRES_1790055



Jwenn avantaj ki pa Medicaid

Prestige Health Choice kapab ede kowòdone avantaj yo nan plan sante w lan si ou kalifye pou toude Medicaid ak Medicare oswa pou yon lòt konpayi asirans. Rele Sèvis pou Patisipan yo nan **1-855-355-9800** (TTY/TDD **1-855-358-5856**), 24 sou 24, sèt jou sou sèt.



Leading the Way to Quality Care

11631 Kew Gardens Ave.
Suite 200
Palm Beach Gardens, FL 33410

Nouvèl sou Sante pou Patisipan nou yo



*Yon Lyen ant Patisipan
an ak Plan Sante Prestige
Health Choice la*

Aplikasyon mobil Prestige Health Choice la disponib an kreyòl ayisyen kounye a

Aplikasyon mobil Prestige Health Choice la disponib kounye a nan lang angle, panyòl, ak kreyòl ayisyen. Aplikasyon an kapab ede ou rete ajou sou swen sante ou. Aplikasyon mobil la disponib pou aparèy iOS ak Android sou non aplikasyon **PHC Mobile**. Pou jwenn aplikasyon mobil la, al sou Google™ Play Store oswa Apple®

App Store. Aplikasyon mobil Prestige Health Choice la disponib gratis.*

Si ou gen kesyon, tanpri rele Sèvis pou patisipan yo nan **1-855-355-9800 (TTY/TDD 1-855-358-5856)**.

*Ou gen dwa gen pou peye frè mesaj ak done estanda yo.

